



Dwa ak devwa moun ki malad yo – Derechos y deberes de los pacientes en salud

Konnen dwa ak devwa ke moun ki malad yo genyen nan sistèm sante piblik ak prive.

◉ Ki dwa moun ki malad yo genyen nan sistèm sante piblik ak prive ak nan konsiltasyon prive e enstitiyonèl yo?

- Tout moun gen dwa ak sekirite e atansyon nan sante san diskriminasyon;
- dwa pou yon tretman diy;
- dwa pou akonpanye fanmi ak zanmi pwòch yo;
- dwa pou asistans relijye oubyen espiritiyèl;
- dwa pou resevwa enfòmasyon sou atansyon ki disponib yo e kondisyon previzyonèl ke atansyon sa a mande;
- Fonksyonè ki nan sante k ap ba l swen yo dwe gen yon idantifikasyon klè;
- Dwa pou resevwa bon jan enfòmasyon ke w ka konprann sou eta sante ou, dyagnostik posib, plizyè kalite tretman;
- dwa pou resevwa yon enfòmasyon ke w ka konprann lè medsen w nan fin ak tretman an nan lopital la;
- dwa pou resevwa yon dokiman ki sètifye eta sante ou epi yon lisans medikal si l posib (lisans medikal se yon dokiman yo ba ou ki pèmèt travay la kite w fè kèk jou lakay ou); dwa pou resevwa yon atansyon nan sante ki gen relasyon ak kilti nan tèritwa ki gen anpil endijèn.

◉ Ki dwa moun ki malad yo genyen nan sa ki gen pou wè ak fichye klinik la?

Fichye klinik moun ki malad la gen enfòmasyon ki sansib ki dwe rezève. Moun ki pa gen relasyon dirèk ak atansyon an oubyen moun ki malad la pa p gen aksè ak enfòmasyon sa a, eksepte moun ki mèt fichye a, yon moun ke li otorize, tribinal jistis ak fiskal Ministè piblik la (ki envestige deli) anvan yon jij bay otorizasyon.

◉ Èske yon moun ka deside pa pran yon tretman?

Tout moun gen dwa pou pa aksepte oubyen aksepte nenpòt kalite tretman, tout tan desizyon an pa ka koz li mouri.

◉ Eske yon moun gen dwa kesyon oubyen reklame?

Tout moun gen dwa poze kesyon e reklame nan sa k gen pou wè ak atansyon yo te resevwa a.

◉ Mwen kapab egzije enfòmasyon sou pri sèvis y ap bay nan sante a?

Moun k ap bay sèvis sante (pwofesyonèl endividiyèl oubyen sa ki nan enstitiyon tankou lopital, klinik, dispansè, elatriye) yo dwe bay enfòmasyon sou pri sèvis yo, materyèl yo ak medikaman yo.

◉ Ki devwa moun ki malad yo genyen

- Respekte règleman entèn etablisman an;
- respekte travay moun ki reprezante etablisman an ap fè a, fanmi yo e lòt moun kap vizite yo;
- pran enfòmasyon sou jan etablisman an fonksyone e sou fason ou ka jwenn enfòmasyon e fè reklamasyon;
- pwoteje enstalasyon yo ak ekipman ki ladann;
- trete fonksyonè yo ak respè, fanmi yo, reprezantan legal yo ak tout lòt moun ki akonpanye yon malad oubyen ki vizite l, yo gen menm obligasyon an;

moun ki mande atansyon pou sante a, fanmi yo ak reprezantan legal yo dwe kolabore avèk tout fonksyonè k ap ba yo atansyon an, k ap ba yo enfòmasyon pou rezoud nesosite yo ak pwoblèm sante ki nesèsè pou yon dyagnostik ak yon tretman.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.